


NaMutungamiri Dieter F. Uchtdorf

Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga



Shoko raMwari ku Vana Vavo

Magwaro matsvene anotitaurira kuti chinhu chekutanga chakaitwa naMwari mushure mekusika munhurume nemunhukadzi kwaive kutaura navo.¹ Vaive neruzivo rwakakosha zvikuru uye mirairo yakakosha yekuvapa. Chinangwa Chavo chaive chisiri chokuvaremedza kana kuvanetsa asi chokuvatungamirira kurufaro uye kukubwinya kusingaperi.

Uye kutaura kwaMwari kuna Adama naEva uku kwaingove mavambo chete. Kubva pazuva iroro kusvikira parizvino, Mwari vanoramba vachitaura nevana Vavo. Mazwi Avo akachengetedzwa, akakosheswa, uye akanzverwa nevadzidzi vechizvarwa chega chega. Anokosheswa neavo vanotsvaga kuziva kuda kwaMwari, uye anopupura uchapupu kuchokwadi chokuti “Ishe Jehovha haangaite chinhu, asina kumbozivisa varanda vake vaporofita zvakavanzika zvake.”²

Iyi ndiyo yakava tsika kubva kumavambo enguva, uye tsika iyi inoenderera nhasi. Tsika iyi haisingori nyaya yeBhaibheri yakanaka; inzira yakamiswa naMwari yekutaura mashoko akakosha kuvana Vavo. Vanosimudzira vanhu kubva pakati pedu, vovashevedza kuti vave vaporofita, uye vovapa mazwi okutaura, ayo atinokokwa kuti “gashirai, sekunge arikubva mumuromo mangu.”³ Vakataura kuti, “Kunyange nezwi rangu ini kana nezwi ravaranda vangu, zvakangofanana.”⁴

Iri ndiro rimwe ramashoko akanakisisa, anokurudzira, uye anetarisiro eKudzorerwa—Mwari havazi vakanyarara! Vanoda vana Vavo. Havana kutisiya kuti tichingodzinaira murima.

Kaviri gore roga roga, muna Kubvumbi naGumiguru, tine mukana wekunzwa izwi raIshe kuburikidza nevaranda Vake mumisangano mikuru yedu inoshamisa.

Ndinokupai uchapupu hwangu pachezvangu kuti, kwenguva yakareba zvikuru mutauri mumusangano mukuru asati afamba mufambo uya unenge wakareba chaizvo wekuenda kupodhiyamu yokuparidzira, anenge akatoisa simba guru, munamoto wakasimba nekunzvera kwakasimba mumhinduro kuchikumbiro chokutaura. Shoko remusangano mukuru rega rega rinomiririra maawa asingaverengeki egadziriro uye kuteterera nomwoyo wose kunzwisisa izvo Ishe zvavanoda kuti Vatendi Vavo vanzwe.

Zvii zvingaitike kana isu sevateereri tikafananidza gadziriro yemutauri neyedu? Matorero edu musangano mukuru angasiyana sei kana tikafunga musangano mukuru semukana wekugashira mashoko kubva kuna Ishe Pachezvavo? Kuburikidza nemazwi uye nenziyo dzemusango mukuru, tinogona kutarisira kugamuchira mhinduro dzakanangana nesu kumibvunzo ipi zvayo kana matambudziko api zvawo atingange tichisangana nawo.

Kana uchimboshama kana Baba Vekudenga pazvokwadi vangazotaura newe, ndinokuyeuchidza nezve mashoko akareruka asi ane udzamu ayo anoimbwa nevana vePuraimari anoti: “[Uri] mwana waMwari, uye vakakutumira [iwe] pano.” Chinangwa Chavo ndechekukubatsira kuti udzoke “kuzogara navo rimwezuva.”

Kana ukaenda kuna Baba Vekudenga semwana Wavo, unogona kuvakumbira nomwoyo wose kuti, Nditungamirirei,

ndirairei, fambai parutivi rwangu, ndibatsirei kuwana nzira. Ndidzidzisei zvose zvandinofanira kuita.” Vanozotaura newe kuburikidza neMweya Wavo Mutsvene, uye zvinozova kwauri “kuzoitika chido chavo.” Ndinovimbisa kuti kana ukadaro, “makomborero mazhinji akachengetwa.”⁵

Hutungamiriri hwaIshe hunodikanwa nhasi sezvazvainge zviru munhorondo yenyika. Apo patinogadzirira kunzwa shoko ralshe ngatitsvagei zvine ushingi Mweya wechokwadi kuitira kuti apo Ishe pavanotaura kuburikidza nevaranda vavo, tinogona kunzwisisa, tigova tinosimudzirwa, uye tigofara pamwechete.⁶

Ndinopupura kuti “nokuita zvinhu izvi masuwo egeheha haazokukundai; hongu, uye Ishe Mwari anozoparadza masimba erima kubva pamberi [pedu], uye nokuita kuti matenga azunguzike zvinonakira [isu], uye nekurumbidzwa kwezita rake.”⁷

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Genesisi 1:28
2. Amosi 3:7
3. Dzidziso neZvibvumirano 21:5
4. Dzidziso neZvibvumirano 1:38
5. “I Am a Child of God,” *Nziyo*, no. 301; *Children's Songbook*, 2–3.
6. Ona Dzidziso neZvibvumirano 50:21–22
7. Dzidziso neZvibvumirano 21:6

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Panguva yemusangano mukuru tinokwanisa kugamuchira mhinduro dzakanangana nesu kumibvunzo yedu nokumatambudziko edu apo patinoteerera kuvaranda vakasarudzwa vaMwari. Funga kukurukura neavo vamunodzidzisa: Tingagadzirira sei kugamuchira mhinduro dzakadaro panguva yemusangano mukuru? Mutungamiri Uchtdorf vanotikurudzira “kutsvaga neushingi Mweya wechokwadi.” Unofunga kuti izvi zvinorevei, uye unagagone sei kuzviisa mugadziriro yako? Pamusoro pemakomborero akataurwa muna Dzidziso neZvibvumirano 21:6, ndeapi mamwe makomborero anouya apo paunogadzirira kunzwa mashoko alshe kuburikidza nevaranda Vake? Unogona kukoka avo vaunodzidzisa kuti vanyore mujenari izvo zvavonodzidziswa neMweya mumusangano mukuru uno.

VECHIDIKI

Kugadzirira Kunzwa Izwi raMwari

Mutungamiri Uchtdorf vanotsanangura kuti chinhu chekutanga chakaitwa naMwari vapedza kusika munhurume nemunhukadzi chaive chokutaura kwavari uye nekuvapa ruzivo rwakakosha nemirairo yakakosha. Tinowana makomborero akafanana naiwayo munaKubvumbi naGumiguru panguva yemusangano mukuru, apo vatungamiriri veChechi pavanotaura nesu uye vachitipa rairo iyo Ishe yavanoda kuti tinzwe.

Wakambonzwa here izwi raMwari kuburikidza nevaranda vake panguva yemusangano mukuru? Wakambonzwawo here sokuti rimwe shoko rakakupa mhinduro yawaitsvaga? Mujenari, unogona kunyora pasi chitiko ichocho uye nokuti zvakakubatsira sei. Zvino gadzirira kunzwa izwi ralshe pamusangano mukuru unotevera kuburikidza nekunyora pasi mibvunzo yaunayo uye nokuinzvera panguva yako yokunzvera magwaro matsvene. Namata kuna Baba Vekudenga, uchikumbira kugamuchira mhinduro uye femero panguva yemusangano mukuru. Apo paunenge uchiteerera kuvaranda valshe, nangisa pfungwa pafemero dzakanangana newe. Zvii zvawadzidza? Wakanzwa sei femero yokuti ushanduke? Nyora pasi femero idzodzozo nokuti iwoyo Mwera Mutsvene urikutaura newe!

Nguva yega yega rangarira kuti Baba Vekudenga vanokuda uye vachakutungamirirai mugwara rakanaka. Apo paunoshingirira kunzwa izwi Ravo kuburikidza nevaranda Vavo, uchakomborerwa nekusimudzirwa.

VANA

Ivai Makagadzirira Musangano!

Nyorora femero idzi pabepa. Chengeta bepa iroro unaro panguva yemusangano kuitira kuti ugonyora zvauchadzidza.

Nyora pasi mibvunzo yako. Ndiri kushama nezve . . .

Namata kuna Baba Vekudenga. Ndinoda rubatsiro mukudzidza nezve . . .

Teerera kumusangano mukuru. Ndadzidza . . .



Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

Namatira Sisita Wega Wega neZita rake

Rudo rvedu kwavari uye femero maererano neavo vatinodzidzisa pakushanyirana zvinowedzera apo tinonyengeterera takazvininipisa umwe nemumwe wemasisita pachake nezita.

Magwaro anotipa mienzaniso yakawanda yevanhurume nevanhukadzi avo vakanamatira vamwe nemazita. Pakati pevaishamisa zvikuru ndibaba vaAruma Mudiki. Ngirozi yakataura kuna Aruma Mudiki, ichimuudza kuti baba vake “vaive vanamata nerutendo rukuru maererano nemi . . . ; naizvozvo, nechikonzero ichochi ndauya kuti ndizokupwisai nezvesimba nemvumo yaMwari, kuti minamoto yevaranda vavo ingapindurwe maererano nerutendo rwavo” (Mosaya 27:14).

Kunamatirana kunovhura mwoyo yedu kuti tigamuchire makomborero ayo Ishe avanoda kutipa. “Chinangwa chomunamato hachizi chokushandura kuda kwaMwari, asi kuwana kwatiri isu uye nevamwe makomborero ayo Mwari avagara vachida kutipa, asi ayo atinofanira kukumbira kuitira kuti timawane.”¹

Umwe wemasisita akarondedzera kuti paneimwe nguva yainge yakaoma muhupenyu hwake,

kuchairwa nhare kana kutumirwa shoko rakareruka repa nharembozha zvainyanyobva kuvadzidzisi vekushanyira vake “kunyanya pamazuva azvainge zvakaoma.” Vaiita sevaiziva ipo chaipo pandaida kurudziro. Aiziva kuti vaimunatira, pamwechete pavaishanyira uye pachezvavo apo pavainge vari vega.

“Funga nezvesimba redu tose rakabatanidzwa kana sisita umwe neumwe ainamata nechido chechokwadi mangwanai nemanheru ega ega, kana, zvitorinane, tikanamata tisingamiri sekurairwa kwatakaitwa naIshe,” akadaro Julie B.Beck, aimbova Mutungamiriri Mukuru weChita Cherubatsiro.² Kunamatira avo vatinodzidzisa pakushanyirana kunotisimbisa sei isu pachedu uye samadzimai eVatendi Vamazuva Ekupedzisira .

Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri Wokutanga muHutungamiri Hwekutanga, vakati: “Namatirai kuti muzive mwoyo yavo. . . . Munofanira kuziva izvo

Mwari zvavanoda kuti muite kuti muvabatsire uye nekuzviita zvese, nekugona kwenyu kwose, muchinzwa rudo rwaMwari kwavari.”³

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Munamato”
2. Julie B. Beck, “What Latter-day Saint Women Do Best: Stand Strong and Immovable,” *Riahona*, Mbudzi. 2007, 110.
3. Henry B. Eyring, “Priesthood and Personal Prayer,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 85.

Funga Izvi

Ndeipi femero yazvino uye mazano awakawana apo pawakanamatira umwe neumwe wemasisita aunodzidzisa pakushanyirana?

Kushumira

Kuburikidza nekunamatira sisita wega wega nezita rake, tinogashira femero yakanangana nesu yekuziva madairiro ekuita kuzvidikanwi zvasisita wega wega watinoshanyira.